



BOSTON SCHOOL COMMITTEE NOMINATING PANEL
KOMITE NOMINASYON KOMISYON LEKÒL BOSTON

Lameri Vil la, Biwo Majistra a 5yèm etaj
(City Hall, Mayor's Office 5th floor)
Boston, MA 02201
FAKS: **617-635-3496**

APLIKASYON POU KOMISYON LEKÒL

Ou dwe voye yon aplikasyon ki ranpli nèt pou yo kapab konsidere w pou nenpòt pozisyon ki lib nan Komisyon Lekòl la

Voye tout aplikasyon yo pa imèl nan: scnominatingpanel@bostonpublicschools.org
(Ou gendwa voye aplikasyon tou nan kourye lapòs, fakse yo oswa pote yo nan adrès ki make anlè a.)

Pou kounye a gen 2 pozisyon lib nan Komisyon Lekòl Boston an, chak pozisyon se pou yon mande 4 lane, ki fini nan dat 5 janvye 2027.

(Nou dwe resevwa aplikasyon yo avan 11:59 p.m. oplita jou Madi 22 novanm 2022.)

Yo pral òganize entèvyou pou sèten kandida yo chwazi pandan semèn 28 novanm 2022 an, soti 3è:00 rive 6è:00 p.m.

Non ou:

Dat nesans:

Adrès (Ou oblige ap rezide Boston pou w ka kalifye):

Pi bon nimewo pou yo kontakte w (tanpri antoure: travay/selilè):

Imèl:

Ki metòd komunikasyon ou pito? **Tanpri chwazi nan meni dewoulan an (Selilè oswa Imèl)**
Cell

Ki ras oswa etnisite ou idantifye avèk li?

Ki pwonon ou vle pou nou itilize pou kominike avèk ou? [Pronouns are gender neutral in creole; this question is irrelevant]

Èske ou te frekante Lekòl Piblik Boston (Boston Public Schools) yo? Si repons la se wi, ki lekòl?:

Èske ou se yon gadyen oswa yon moun ki okipe yon timoun ki frekante yon Lekòl BPS? Si repons la se Wi, ki lekòl? Make tout:

Èske ou gen nenpòt lòt koneksyon ak BPS? Egzanp: yon fanmi ki pa rete lakay ou ki travay oswa ki enskri nan yon Lekòl BPS.

Moun yo pran nan Komisyon Lekòl la se moun ki gen anpil tan pou pare pou reyinyon chak 2 semèn yo, ki kapab etabli kontak la ak depatman lekòl yo ak lidè yo, epi ki ale nan reyinyon ki dire anpil tan ta leswa. Èske w ap kapab angaje w pou fè sa epi pou gen fleksibilite pou patisipe nan reyinyon ki òganize sanzatann lè priyorite yo ap chanje? **Tanpri chwazi repons la nan meni dewoulan an.** (Wi oswa Non)

Yes

Pou 2 pwochen seksyon yo, ou gendwa tache yon rezime oswa yon CV olye pou w liste enfòmasyon y ap mande w anba annapre yo.

ANTESEDAN EDIKASYON: (Make lis tout lekòl, domèn etid ak dat prezans nan lò kwonolojik soti nan sa ki pase pi desaman rive nan sa ki pi ansyen an)

EKSPERYANS TRAVAY: (Make lis tout anplwayè, pozisyon ak dat anplwa nan lòd kwonolijik an kòmansman ak travay ou genyen kounyen an rive nan premye travay ou.)

Tanpri reponn kesyon sila yo:

1. Poukisa ou ta renmen vin yon manm nan Komisyon Lekòl la? Tanpri dekri eksperyans ou, konpetans ou yo oswa ekspètiz ou avèk lajenès, avèk pwogram edikasyon oswa sivik.
2. Kijan ou wè wòl Komisyon Lekòl la epi kijan li fonksyone an relasyon ak Majistra (Mayor) oswa Sipèntandan (Superintendent) lan? Èske ou janm ale nan yon reyinyon Komisyon Lekòl Boston an? Si repons la se Wi, kisa ou te obsève?
3. Kisa ki ta fè w tounen yon manm ekip ki efikas nan Komisyon Lekòl la?
4. Kijan ou konprann tèm ki annapre yo? *Tanpri pa depae 150 mo maksimòm pou chak repons ou bay.*
 - a. garanti aksè nan lekòl bon kalite pou chak elèv nan Distri a
 - b. rezoud pwoblèm manke opòtinite
 - c. edikasyon espesyal
 - d. Moun k ap Aprann Anglè (ELL) yo
 - e. ogmante angajman fanmi ak kominote a
 - f. kreye yon klima kilòl ki pozitif nan chak lekòl
 - g. preparasyon pou inivèsite ak pwofesyon
 - h. kreye yon lekòl pwofesyonèl ki ekselan nan BPS
 - i. sante konpòtmantal ak aprantisaj sosyo-emosyonèl
 - j. transpò
- k. BPS [Green New Deal](#) ak angajman kominotè sanblab

1. asire mendèv la divèrsifye ase
 - m. itilizasyon done ki efikas
5. Pami tèm ki liste nan Kesyon n°4, kilès ou panse ki pi ijan an epi/oswa ou santi w pi motive pou li epi poukisa? *Tanpri chwazi omwen twa (3) repons, pa ekri plis pase 250 mo pou chak tèm.*
6. Èske gen nan aktivite w yo oswa nan relasyon ou gen posibilite oswa pwobabilite pou gen yon konfli enterè si yo ta nonmen ou nan Komisyon Lekòl la? Si repons la se Wi, kijan ou ta jere konfli sa a? (Tanpri sonje ke gen yon konfli enterè si yon anplwaye BPS ta vin manm Komisyon Lekòl la.)
7. Èske gen lòt bagay ke Panèl la ta dwe konnen sou w antanke kandida ki nonmen pou Komisyon Lekòl la?
8. Si ou te deja patisipe nan Komisyon Lekòl Boston an anvan sa, tanpri di nou kèk eksperyans pèsonèl ak akonplisman ou te genyen pandan peryòd ou te nan Komisyon an. Kisa ou ta chanje? Oubyen kisa ki te mache trè byen epi yo ta dwe fè plis toujou?

Palaprezant, mwen sètifye ke enfòmasyon mwen te prezante yo konplè, presi epi kòrèk, dapre tout sa mwen konnen, epi palaprezant mwen otorize Komite Nomiasyon an pou li verifye enfòmasyon sayo; jan sa nesesè.

Non

Dat:

(Si w ap voye korespondans sa a nan yon imèl, tape non ou nan plas siyati w.)